

Dwa ak Pwoteksyon Ou Genyen Kont Bòdwo Medikal Depase

Lè w resevwa swen ijans oswa yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a ba w swen nan yon lopital ki nan rezo a oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa, ou gen pwoteksyon kont bòdwo sipriz yo oswa bòdwo depase yo.

Kisa "bòdwo depase (moun konn rele yo tou "bòdwo sipriz") lan ye?

Lè w ale lakay yon doktè oswa lòt pwofesyonèl swen sante, sa kapab rive ou gen yon lajan pou w peye, tankou yon ko-peman, ko-asirans, epi/oswa yon dediktib. Ou kapab genyen pou ou peye lòt pri oswa gen pou w peye tout bòdwo a nèt si w ale lakay yon pwofesyonèl swen sante oswa vizite yon lòt sant sante ki pa nan rezo asirans sante ou an.

"Out-of-network" (Deyò Rezo a) dekri pwofesyonèl swen sante ak sant sante ki pa te siyen yon kontra ansanm ak plan asirans sante ou an. Pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a kapab gen otorizasyon pou li voye bòdwo pou diferans lajan ki genyen ant sa plan asirans ou an aksepte peye ak montan total yo chaje pou yon sèvis. Yo rele sa a "**bòdwo depase**". Jeneralman montan sa a plis pase pri rezo a pou menm sèvis lan epi yo p ap konte li nan kalkil limit depans anyèl ou an.

"Bòdwo sipriz" se yon bòdwo ou pa te atann ak li. Sa kapab rive se lè ou pa kapab kontwòle moun ki enplike nan swen sante ou - tankou lè w gen yon ijans oswa lè w planifye yon vizit nan yon sant sante ki nan rezo a men sanzatan se yon pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a ki ba ou swen.

Ou pwoteje kont bòdwo depase pou:

Sèvis Ijans

Si ou gen yon ijans medikal pou kesyon maladi epi w resevwa sèvis ijans nan men yon pwofesyonèl swen sante oswa sant sante ki pa nan rezo a, piplis lajan pwofesyonèl swen sante oswa sant sante a ka voye bòdwo pou ou se lajan patisipasyon ou bay nan plan asirans ou an (tankou ko-peman ak ko-asirans lan). Yo **pa kapab** voye bòdwo ki depase pou ou pou sèvis ijans sa yo. Sa gen ladan li sèvis ou kapab resevwa aprè eta sante ou fin estab, amwenske ou bay konsantman ou alekri epi w renonse ak asirans sante ou an ki pwoteje ou pou yo pa voye bòdwo ki depase pou sèvis aprè w fin estab sa yo.

Kèk sèvis nan yon sant ospitalye oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa

Lè w ap resevwa sèvis nan yon lopital oswa nan yon sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, kèk nan pwofesyonèl swen sante ki la yo kapab pa nan rezo a. Nan ka sa yo, pifò pwofesyonèl sa yo kapab voye bòdwo pou ou k ap egal ak montan ou konn peye pou frè patisipasyon nan pri asirans sante ou an. Sa aplike pou medsin ijans, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, newonatal, asitan chirijyen, espesyalis swen ospitalye oswa medsen espesyalis sèvis swen entansif. Pwofesyonèl swen sante sa yo **pa kapab** voye bòdwo ki depase pou ou epi **pa kapab** mande pou w renonse ak pwoteksyon ou genyen kont bòdwo depase yo.



Si w resevwa lòt sèvis nan sant sa yo ki nan rezo a, pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a **pa kapab** voye bòdwo depase pou ou, sof si w bay konsantman ou alekri epi ou renonse ak pwoteksyon ou genyen yo.

Yo pa janm mande ou pou w renonse ak pwoteksyon ou genyen kont bòdwo ki depase yo. Epitou w pa gen obligasyon pou w ale pran swen yon kote ki pa nan rezo a. Ou kapab chwazi yon pwofesyonèl swen sante oswa sant sante ki nan rezo plan asirans ou an.

Lè yo pa otorize pou voye bòdwo ki depase pou ou, ou gen pwoteksyon sa yo:

- Ou se sèl moun ki responsab pou peye pou frè patisipasyon ou yo (tankou ko-peman, ko-asirans ansanm ak deditib yo ou ta dwe peye si pwofesyonèl swen sante an oswa sant sante te nan rezo a). Plan asirans sante ou an pral peye pwofesyonèl swen sante a ansanm ak sant sante yo ki pa nan rezo a dirèk.
- Jeneralman asirans sante ou an dwe:
 - Garanti sèvis ijans yo san mande pou gen otorizasyon alavans pou resevwa sèvis yo (otorizasyon davans).
 - Garanti sèvis ijans pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo yo bay.
 - Baze sou sa ou dwe peye pwofesyonèl swen sante oswa sant sante a (lajan patisipasyon) sou sa li ta dwe peye yon pwofesyonèl swen sante oswa sant sante ki nan rezo a epi montre montan sa a nan dokiman ki dekri avantaj yo.
 - Yo konte tout kantite lajan ou peye pou sèvis ijans oswa sèvis ki pa nan rezo a nan kalkil dediktib ou yo ansanm ak limit depans ou.

Si w panse yo pa byen trete ou pou sèvis yo, ou kapab kontakte:

Phoebe Putney Health System
Compliance and Privacy Officer (Responsab Konfòmite ak Konfidansyalite)
Department of Compliance and Ethics (Depatman Konfòmite ak Etik)
417 W. Third Ave.
Albany, GA 31701

Vizite Sitwèb Sant Sèvis Medicare ak Medicaid yo nan www.cms.gov/nosurprises pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen selon lwa federal yo.

